

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Medar kalungguhan wanoja di masarakat Sunda, tangtu bakal disanghareupkeun kana pasualan nu bangga, salian ti langkana literasi jeung panalungtikan ngeunaan karakteristik wanoja Sunda, pasualan séjénna nya éta lebah pagedrugna wacana budaya, utamana ngeunaan gender jeung féminisme antara Barat jeung Timur.

Salian ti éta, sakapeung mah pamahaman ngeunaan konsép gender jeung féminisme Barat téh sok sagemblengna dicangkem, dilarapkeun, malah diturutan sakabéhna, tanpa aya prosés akulturasi, nu antukna wanoja Timur téh hayang sarua jeung wanoja Barat. Teu ukur Barat jeung Timur, dina ieu kontéks ogé bisa kaalaman antara Timur jeung Timur. Contona baé, wanoja Indonésia nu kaarab-araban atawa wanoja Sunda nu kajawa-jawaan, pon kitu deui sabalikna.

Mémang éta pasualan téh teu bisa disingkahan, lantaran patelakna antar budaya nu asup ka masarakata Indonésia, tur éta kaayaan téh terus lumangsung salila manusa aya dikieuna. Tapi anu jadi pasualan satuluyna, nya éta saperti kumaha kalungguhan wanoja dina kahirupan masarakat Sunda. Tapi, ieu panalungtikan téh moal lega teuing medar karakteristik wanoja dina kahirupan masarakat Sunda sacara gembleng, ukur nilik tina conto pangleutikna, nya éta karya sastra heubeul dina wangun wawacan. Ari wawacan nu dijadikeun sumberna nya éta naskah “Wawacan Pranata Istri ka Carogé”, nu saterusna disingget Wawacan PIkC .

Pikeun medar pasualan karakteristik wanoja dina naskah wawacan PIkC, tangtu dibutuhkeun pamarekan, dina ieu hal nya éta tiori. Kulantaran objek panalungtikanana dina wangun naskah, jadi téori nu digunakeun pikeun ngaguar eusi naskahna ngagunakeun teori filologi jeung strukturalisme. Sedengkeun pikeun ngaguar karakteristik wanojana, dideudeul tur dipakaitkeun jeung ajaran-ajaran islam sarta aturan-aturan masarakat nu lumaku.

Tapi saméméh ngaguar pasualan karakteristik wanoja Sunda dina naskah wawacan PIkC, perlu dipedar ogé kumaha struktur wawacanna. Ieu hal téh dumasar kana sawangan yén karya sastra téh moal leupas tina unsur nu

ngawangunna, nya éta strukturna. Nilik kana strukturna, wawacan téh miboga wangun puisi, tapi ari eusina mah mangrupa lancar atawa prosa. Dina medar pasualan strukturna ogé, wawacan mah kudu ditilik tina dua wangunan struktur nya éta struktur formal jeung sktur naratif.

Struktur téh mangrupa hiji pergerakan intelektual nu gelar di Prancis. Dina praktékna mah strukturalisme téh leuwih umum dianggap salaku hiji kaédah atawa métode anu tujuan utamana mah nya éta pikeun ngalelempeng atawa méré pangajén ka para panalungtik dina ngalaksanakeun panalungtikan anu leuwih nyosok jero ngeunaan hiji objek kajian (Koswara, 2007, kc. 13).

Nurutkeun Isnéndés (2010, kc. 91), konsép dasar nu jadi ciri has téori struktural nya éta anggapan yén karya sastra mangrupa struktur anu otonom nu ngan bisa dicangkem maksudna tina hiji gunggung nu diwangun ku unsur-unsur nu ngarojongna. Ku lantaran kitu, karya sastra bisa dicangkem. Dicangkem téh dumasar kana struktur pangwangunna baé, leupas tina kasang tukang kasajarahana, leupas tina niat jeung kamampuh pangarangna, leupas tina pangaruh nu dihontal ku nu macana. Jadi nu penting *close reading*, nya éta hiji prosés kalawan mikroskopi tina karya minangka ciciptan basa.

Nurutkeun Jean Peaget (dina Isnéndés, 2010, kc. 91), wangenan struktur ngawengku tilu gagasan poko. Kahiji, gagasan nu gembleng (*wholeness*, keseluruhan). Hartina, unggal unsur nyaluyukeun manéh jeung pakakas kaédah intrinsik nu nangtukeun sakumna unsur jeung bagian-bagianana. Kadua, gagasan transformasi (*transformation*), hartina struktur nyanggupan prosedur transformasi nu tuluy-tumuluy ngawangun bahan-bahan anyar. Katilu, gagasan mandiri (*self regulation*), hartina struktur téh butuheun ku hal-hal di saluareun dirina pikeun mertahankeun prosedur transformasi téa. Éta struktur téh misah tina rujukan sistem séjénna.

Nilik pasualan-pasualan di luhur téh, satuluyna ngahudang kapanasaran panalungtik, pikeun ngulik jeung medar kumaha kalungguhan atawa karakteristik wanoja dina kahirupan masarakat Sunda. Tapi, ieu panalungtikan téh teu boga maksud pikeun nyieun wates antara wanoja jeung lalaki, boh dina kahirupan masarakat boh dina kahirupan rumah tangga. Éstuning ieu panalungtikan téh

pikeun ngahudangkeun, numuwuhkeun, jeung nyebarkeun kasadaran ngeunaan kalungguhan sewang-sewangan.

Tina pedaran anu geus ditétélakeun, ébréh pisan yén pikeun medar perkara wanoja jeung masalah sosialna, hususna nu aya dina wawacan diperlukeun hiji panalungtikan anu jero tur daria. Sababaraha panalungtikan ngeunaan wawacan anu geus dilaksanakeun nya éta.

- 1) Skripsi anu judulna “Struktur Wawacan *Carios Munada*” ku Rija, nu ditulis dina taun 2009.
- 2) Tésis anu judulna “Unsur Budaya jeung Ajén Atikan dina Naskah (Manuscript) Wawacan Barjah (Ulikan Budaya - Étnopédagogik)” disusun ku Wulan Widaningsih dina taun 2014.
- 3) Tésis anu judulna “Wawacan Mahabarata Anggitan R. Memed Sastrahadiprawira spk (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik) disusun ku Fajar Sukma Nur Alam dina taun 2015.

Panalungtikan nu ngabagas ngeunaan wanoja diantarana:

- 1) Tésis anu judulna “Novel Perempuan Berkalung Sorban dan Pemanfaatannya sebagai Bahan Pembelajaran Apresiasi Sastra di Madrasah Aliyah” ku Eti Muhammad, mahasiswi Program Pascasarjana Universitas Pendidikan Indonesia, nu disusun dina taun 2011.
- 2) Tésis anu judulna “Suara Perempuan dalam Novel Sunda Puputon “Buah Hati” Karya Aam Amelia: Kajian Feminisme” ku Retty Isnendes, salah saurang mahasiswi Program Pascasarjana Universitas Gadjah Mada dina taun 2004.

Tina sababaraha hasil panalungtikeun di luhur, pikeun ngeuyeuban ilmu pangaweruh nu nalungtik ngeunaan feminisme, tangtu perlu ayana panalungtikan satuluyna nu ngabahas ngeunaan wanoja, boh ngeunaan karya sastra heubeul dina wangun wawacan boh dina karya sastra ayeuna anu leuwih nyosok jero kana karakteristik wanoja dina kahirupan masarakat jeung rumah tanggana. Salasahiji karya sastra heubeul anu eusina ngeunaan wanoja nya éta wawacan “Pranata Istri ka Carogé”. Dumasar éta hal, ieu panalungtikan dijudulan “Karakteristik Wanoja Sunda dina Naskah Wawacan Pranata Istri ka Carogé (Ulikan Filologi jeung Strukturalisme).”

1.2 Rumusan Panalungtikan

Sangkan teu lega teuing ieu panalungtikan téh diwatesan ukur maluruh unsur filologi, jeung struktur naskah Wawacan Pranatana Istri ka Carogé. Ari nu jadi bahan tinimbangan dipilihna ieu naskah wawacan teh, lantaran eusi caritana midangkeun pasualan-pasualan kahirupan jeung papatah pikeun hiji istri ka salakina. Dumasar kana éta hal, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap:

- 1) Kumaha déskripsi jeung transliterasi naskah wawacan “Pranata Istri ka Carogé”?
- 2) Kumaha struktur formal, jeung naratif naskah wawacan “Pranata Istri ka Carogé”?
- 3) Kumaha gambaran karakteristik wanoja Sunda dina naskah wawacan “Pranata Istri ka Carogé”?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho tur ngadéskripsikeun tilu hal nyaéta:

- 1) transliterasi naskah wawacan “Pranata Istri ka Carogé”;
- 2) struktur formal, jeung naratif naskah wawacan “Pranata Istri ka Carogé”;
- 3) gambaran karakteristik wanoja Sunda dina naskah wawacan “Pranata Istri ka Carogé”.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1) Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat pikeun dunya atikan. Ieu panalungtikan bisa ngajembaran pangaweruh, utamana ngeunaan kalungguhan wanoja di masarakat Sunda nu kagambarkeun dina karya sastra heubeul.

2) Mangpaat Praktis

Lian ti mangpaat teoritis, mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta:

- a. hasil ieu panalungtikan bisa jadi bahan tinimbangan pikeun panalungtikan nu séjénna;
- b. hasil ieu panalungtikan bisa mekarkeun pangaweruh ngeunaan sastra heubeul; jeung
- c. ieu panalungtikan bisa ngalatih prosés mikir ilmiah.

1.5 Raraga Tulisan

Hasil ieu panalungtikan disusun dina karya tulis anu ngawengku lima bab, anu sistematikana ieu di handap.

BAB I BUBUKA

Dina ieu bab dipedar kalayan jéntré ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan, mangpaat, asumsi jeung raraga nulis ieu panalungtikan.

BAB II RARAGA TIORI

Dina ieu bab dipedar tiori anu dipaké dina nganalisis naskah wawacan “Pranata Istri Ka Carogé”. Anu dipedarna nya éta kajian filologi jeung struktur wawacan.

BAB III METODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, wangenan konséptual jeung operasional variabel panalungtikan, prosés mekarkeun instrumen panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, pamarekan anu dipaké, distribusi data, sarta prosedur panalungtikan.

BAB IV "Karakterisrik Wanoja Sunda dina Naskah Wawacan Pranata Istri ka Carogé (Ulikan Filologi jeung Strukturalisme)."

Dina ieu bab dipedar hasil jeung bahasan panalungtikan, anu ngawengku deskripsi naskah wawacan “Pranata Istri ka Carogé”, tilikan filologi, sarta hasil

Kuswan Nurhidayat, 2016

KARAKTERISTIK WANOJA SUNDA DINA NASKAH WAWACAN "PRANATA ISTRI ka CAROGÉ"

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

analisis formal jeung struktural dina naskah “Wawacan Pranatana Istri ka Carogé”.

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

Dina ieu bab dipedar kacindekan hasil panalungtikan. Lian ti éta, diébréhkeun ogé sawatara rékoméndasi pikeun kamekaran élmu pangaweruh dina widang atikan jeung panalungtikan kahareupna.